

Avi sou Pratik Konfidansyalite

Avi sa a dekri kijan yo ka itilize enfòmasyon medikal ou yo epi divilge epi kijan ou ka jwenn aksè avèk enfòmasyon sa yo. **Tanpri konsilte epi li ak anpil atansyon.**

Dwa ou yo

Ou gen dwa pou:

- Jwenn yon kopi dosye medikal ou an papye oswa an fòm elektwonik
- Korije dosye medikal ou an fòm papye oswa an fòm elektwonik
- Mande kominikasyon konfidansyèl
- Mande nou pou limite enfòmasyon nou pataje yo
- Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon ou yo avèk yo
- Jwenn yon kopi avi konfidansyalite sa a
- Chwazi yon moun ki pou aji nan non ou
- Depoze yon plent si ou kwè yo vyole dwa ou sou vi prive w

*Konsilte paj 2 ak 3 a
pou plis enfòmasyon*

Chwa ou yo

Ou gen kèk chwa pou w pran nan fason nou itilize epi pataje enfòmasyon pandan n ap:

- Pale ak fanmi ak zanmi ou sou maladi ou an
- Bay swen sante mantal
- Komèsyalize sèvis nou yo

*Konsilte paj 3 pou plis
enfòmasyon*

Itilizasyon ak Divulgasyon nou yo

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon ou yo pandan nou ap:

- Trete ou
- Dirije òganizasyon nou an
- Fraktire sèvis nou yo
- Èd ak pwoblèm sante piblik ak sekirite
- Konfòme ak lalwa
- Travay avèk yon medsen lejis oswa yon direktè ponp finèb
- Reponn a demann lapolis ak lòt demann gouvènman an
- Reponn a pwosè ak aksyon legal yo

*Konsilte paj 4 ak 5 lan
pou plis enfòmasyon*

Si ou gen kesyon sou Avi sa a, oswa si ou ta renmen depoze yon plent, tanpri kontakte **Biwo**

Konfidansyalite nou an, nan telefòn, imèl oubyen alekri nan adrès sa a:

2000 Palm Beach Lakes Boulevard, Suite 901, West Palm Beach, FL 33409

(561) 509-5009 ext. 2017 • privacy@bluebirdkids.com

Dwa ou yo

- **Lè se enfòmasyon sou sante w, ou gen sèten dwa.** Seksyon sa a eksplike dwa ou yo ak kèk nan responsablite nou yo pou ede ou.

Jwenn yon kopi elektwonik oswa papyè dosye medikal ou a

- Ou ka mande pou wè oswa jwenn yon kopi elektwonik oswa sou papyè dosye medikal ou a ak lòt enfòmasyon sante nou genyen sou ou.
- N ap ba ou yon kopi oswa yon rezime enfòmasyon sou sante ou, anjeneral nan espas 30 jou aprè demann ou an. Nou ka faktire yon frè rezonab, ki baze sou pri.

Mande nou pou korije dosye medikal ou

- Ou ka mande nou pou nou korije enfòmasyon sou sante w ou panse ki pa kòrèk oswa ki pa konplè.
- Nou ka di “non” a demann ou an, men n ap di w poukisa alekri nan yon peryòd 60 jou.

Mande Kominikasyon konfidansyèl

- Ou ka mande nou pou kontakte w nan yon fason espesifik (egzanp, telefòn lakay ou oswa nan biwo) oswa pou voye imèl nan yon lòt adrès.
- N ap di “wi” pou tout demann ki rezonab yo.

Mande nou pou limite sa nou itilize oswa pataje yo

- Ou ka mande nou pou nou pa itilize oswa pataje sèten enfòmasyon sou sante ou pou tretman, pèman, oswa operasyon nou yo. Nou pa oblije dakò ak demann ou an, epi nou ka di “non”.
- Si ou peye pou yon sèvis oswa yon atik swen sante an antye ak lajan nan pòch ou, ou ka mande nou pou nou pa pataje enfòmasyon sa a pou rezon pèman oswa operasyon nou yo ak konpayi asirans sante ou an. N ap di “wi” sof si yon lwa egzije nou pataje enfòmasyon sa yo.

Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon avèk yo

- Ou ka mande yon lis (“kontabilite”) ki montre konbyen fwa nou te pataje enfòmasyon sante w pandan sis ane anvan dat ou mande a, epi ak ki moun nou te pataje l, e poukisa.
- Nou ap ajoute tout divilgasyon yo nèt, sof sila yo ki konsène tretman, pèman ak operasyon swen sante yo epi kèk lòt divilgasyon (tankou nenpòt sa ou mande nou fe yo). N ap bay yon kontablite gratis chak ane, men n ap fè w peye yon frè rezonab, ki baze sou pri, si w mande yon lòt nan espas 12 mwa.

Jwenn yon kopi avi konfidansyalite sa a

- Ou ka mande yon kopi papye avi sa a nenpòt ki lè, menm si ou te dakò pou resevwa avi a nan yon fòm elektwonik. N ap ba ou yon kopi papye tousuit.

Chwazi yon moun ki pou aji nan non ou

- Si ou te bay yon moun pouvwa avoka medikal oswa si yon moun se gadyen legal ou, moun sa a ka egzèsè dwa ou yo epi fè chwa konsènan enfòmasyon sante ou yo.
- N ap asire nou moun nan gen otorite sa a epi li ka aji pou ou anvan nou poze nenpòt aksyon.

Depoze yon plent si ou santi dwa ou yo vyole

- Ou ka pote plent si ou santi nou vyole dwa ou yo lè w kontakte Biwo Konfidansyalite nou an nan sèvi ak enfòmasyon ki nan pati anba paj 1 an.
- Ou kapab tou depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an lè w voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, lè w rele 1-877-696-6775, oswa lè w vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.
- Nou p ap pran okenn revanj sou ou paske ou depoze yon plent.

Chwa ou yo

- **Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou ka di nou chwa w genyen sou sa nou pataje.** Si ou gen yon preferans klè sou fason nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiyasyon ki dekri anba yo, pale avèk nou.

Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou di nou pou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi w, zanmi pwòch ou, oswa lòt moun ki enplike nan swen w lan
- Pataje enfòmasyon nan yon sitiyasyon sekou katastwòf

Si ou pa kapab di nou preferans ou, egzanp si ou pèdi konesans, nou ka pataje enfòmasyon ou yo si nou kwè li nan pi bon enterè ou. Nou ka pataje enfòmasyon ou yo tou lè sa nesesè pou diminye yon menas grav epi ki iminan pou sante oswa sekirite.

Nan ka sa yo, nou pa janm pataje enfòmasyon ou yo sof si ou ba nou pèmasyon alekri:

- Objektif maketing
- Vann enfòmasyon ou yo
- Pifò pataj nòt sikoterapi

Itilizasyon ak Divilgasyon nou yo

Ki jan nou abitye itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou yo?

- Anjeneral, nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w nan fason sa yo.

Pou trete ou

Nou ka itilize enfòmasyon sou sante w epi pataje l ak lòt pwofesyonèl k ap trete w.

Egzanp: Yon doktè k ap trete w pou yon blesi mande yon lòt doktè sou eta sante w an jeneral.

Pou dirije òganizasyon nou an

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sante ou pou nou jere pratik nou an, amelyore swen ou, epi kontakte ou lè sa nesesè.

Egzanp: Nou itilize enfòmasyon sou sante ou pou jere tretman ak sèvis ou yo.

Pou voye bòdwo pou sèvis nou yo

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sante ou pou nou voye bòdwo epi resevwa pèman nan men plan sante oswa lòt antite.

Egzanp: Nou bay plan asirans sante w la enfòmasyon sou ou pou l ka peye pou sèvis ou yo..

Ki lòt jan nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w la?

Èd ak pwoblèm sante piblik ak sekirite

Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w pou sèten sitiyasyon tankou:

- Prevansyon maladi
- Ede ak rapèl pwodui yo
- Rapòte reyaksyon negatif sou medikaman yo
- Rapòte abi sispè, neglijan oswa vyolans domestik
- Anpeche oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun

Pou konfòme ak lalwa

Nou pral pataje enfòmasyon sou ou si lalwa eta a oswa lalwa federal la egzije sa, tankou avèk Depatman Sante ak Sèvis Sosyal si li vle wè nou konfòm ak lalwa federal sou vi prive a.

Ak asosye komèsyal ou yo

Nou ka pataje enfòmasyon sou ou ak lòt biznis nou travay avèk yo ("asosye komèsyal"), depi yo dakò alekri pou pwoteje enfòmasyon ou yo nan menm mezi avèk nou.

Travay avèk yon medsen lejis oswa yon direktè ponp finèb

Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante ak yon koronè, yon medsen lejist oswa yon direktè ponp finèb.

Reponn a demann konpansasyon travayè yo, lapolis ak lòt demann gouvènman an

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou:

- Pou reklamasyon konpansasyon travayè yo
- Pou rezon ki fè respekte lalwa oswa avèk yon ofisyèl ki fè respekte lalwa
- Avèk ajans siveyans sante pou aktivite lalwa otorize yo
- Pou fonksyon espesyal gouvènman an tankou militè oswa sekirite nasyonal

Reponn a pwosè ak aksyon legal yo

Nou ka pataje enfòmasyon sou sante ou an repons a yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif, oswa an repons a yon sitasyon.

Responsablite nou yo

- Lalwa egzije nou pou nou kenbe vi prive ak sekirite enfòmasyon sante ou yo pwoteje.
- N ap fè w konnen san pèdi tan si yon vyolasyon rive ki ka konpwomèt vi prive oswa sekirite enfòmasyon w yo.
- Nou dwe swiv devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi li.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo jan sa dekri la a, sof si ou di nou kapab fè sa alekri. Si ou di n nou kapab, ou ka chanje lide ou nenpòt ki lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide.

Dat Antre an Vigè ak Chanjman nan Kondisyon Avi sa a

- **Avi sa a antre an vigè depi 1 jiyè 2025.**
- Nou ka chanje kondisyon avi sa a, epi chanjman yo ap aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, nan biwo nou an ak sou sit entènèt nou an.

Avi Pratik Konfidansyalite sa a aplike pou tout antite klinik ki afilye ak Bluebird Kids Health, tankou Palm Beach Pediatrics, LLC.